



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NALOKSÒN GRATIS OSWA KI PA CHÈ YO DISPONIB NAN FAMASI YO ATRAVÈ NEW YORK

*Premye Pwogram Nan Nasyon an Ki Ofri Asistans Ko-Peman pou Medikaman pou
Ranvèsè Ovèdoz Opyoyid yo Kòmanse Apati 9 Dawout 2017*

Elaji Efò Agresif Eta yo pou Konbat Epidemi Opyoyid lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon premye pwogram nan nasyon an pou bay naloksòn ki gratis oswa ki pa chè nan famasi atravè New York yo. Kòmanse apati 9 Dawout 2017, moun ki gen kouvèti preskripsyon asirans sante yo, ki enkli Medicaid ak Medicare, yo pral resevwa jiska 40 dola nan asistans ko-peman yo, sa ki abouti a depans ki redwi oswa san depans pou medikaman ki ap sove lavi sa. Moun ki pa gen asirans yo ak moun ki pa gen kouvèti pou preskripsyon yo pral toujou kapab resevwa naloksòn gratis atravè rezo pwogram prevansyon ovèdoz opyoyid ki anrejistre New York yo.

“Premye pwogram nan nasyon sa pral ede mete tretman pou sove lavi sa nan plis men moun, epi li se yon atak an plis nan efò administrasyon sa pou konbat abi ewoyin ak opyoyid”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon lòt pa annavan nan objektif pou vin gen yon vil New York ki pi solid epi ki pi an sante”.

Naloksòn se yon medikaman ke yo itilize pou ranvèsè ovèdoz opyoyid. Rediksyon pri medikaman ki ap sove lavi sa ajoute sou [aksyon](#) presedan Gouvènè Cuomo yo pou kapab fè naloksòn disponib nan famasi yo san yon preskripsyon, sa ki te kòmanse an Janvyè 2016. Anvan sa, Nouyòkè yo te ka sèlman resevwa naloksòn avèk yon preskripsyon oswa atravè yon pwogram prevansyon ovèdoz opyoyid ki anrejistre.

Apati 9 Dawout 2017, Nouyòkè yo ap kapab jwenn enfòmasyon sou ko-peman nan gichè famasi yo atravè eta a ak nan: www.health.ny.gov/overdose. Moun yo ta dwe bay famasyon yo enfòmasyon sa yo lè y’ap mande naloksòn nan objektif pou kapab resevwa li san depans oswa ti depans ki ap soti nan pòch yo. Pwogram Asistans Ko-Peman Naloksòn lan (Naloxone Co-payment Assistance Program) finance pa Pwogram Prevansyon Ovèdoz Opyoyid Eta New York lan (New York State's Opioid Overdose Prevention Program).

An plis, atravè rezo pwogram prevansyon ovèdoz opyoyid ki anrejistre New York yo, moun ki pa gen asirans yo ak moun ki pa gen kouvèti pou preskripsyon yo pral toujou kapab resevwa naloksòn gratis. Ou kapab jwenn yon lis konplè pwogram sa yo ki disponib [isit la](#).

Nan Bidjè Eta 2017 lan, Gouvènè Cuomo te investi plis pase 200 milyon dola pou konbat epidemi ewoyin ak opyoyid lan. Sipò san presedan sa direje vè pwogram prevansyon, tretman ak retablisman yo ki abòde depandans chimik, elaji opòtinite sèvis rezidansyèl yo epi pwomouvwa atansyon piblik ak edikasyon.

Naloksòn Ap Sove Lavi

Naloksòn se yon medikaman sou preskripsyon ke yo itilize pou ranfòse efè ovèdoz yo ki te koze pa ewoyin, preskripsyon medikaman pou pèn yo ak lòt opyoyid yo. An 2014, ajans eta yo te kòmanse travay ansanm pou devlope yon pwogram atravè eta a pou fòme pèsonèl fòs lapolis yo sou jan ke yo dwe administre naloksòn. Depi lè ke fòmasyon yo te kòmanse, plis pase 10,000 ofisyè te fòme pou administre medikaman an, epi yo te bay sètifika a 3,091 ofisyè pou fòme lòt ofisyè.

Ofisyè fòs lapolis ki fòme yo atravè New York yo ap sove lavi gras a naloksòn ke yo pote sou yo. Depi mwa Avril 2014, 2,036 ofisyè te administre naloksòn bay plis pase 3,100 moun, sove lavi prèske 90 pousan moun ki te bezwen asistans yo.

Ou kapab gade yon lis done sou fòmasyon ak itilizasyon naloksòn pou fòs lapolis yo, [isit la](#).

Komisè Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health), Doktè Howard Zucker, te di, “Naloksòn efikas anpil pou ranvèse ovèdoz opyoyid yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te pran mezi global pou bloke vag abi opyoyid yo, soti depi nan ogmante kantite kabann tretman yo pou rive nan fè refòm asirans sante ki enpòtan yo pou kapab elimine baryè yo pou aksede a sèvis abi sibstans yo. Nouvo pwogram asistans ko-peman an pral fè naloksòn vin pi disponib nan kominote yo atravè New York epi sove lavi”.

Komisè Biwo Eta New York pou Sèvis Abi Alkòl ak Sibstans lan (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), Arlene González-Sánchez, te di, “Lè nou garanti Naloksòn ki abòdab pou tout Nouyòkè yo, nou pral sove lavi plizyè milye moun epi ede repare domaj ke kominote nou an te sibi akòz epidemi opyoyid lan. Sove lavi se objektif siprèm pou tout inisyativ prevansyon, tretman, ak retablisman nou yo, epi ak dènye efò sa, Gouvènè Cuomo ap yon lòt fwa ankò etabli Eta New York kòm yon lidè nasyonal nan domèn swen pou adiksyon”.

George Amedore, ki se Prezidan Komite sou Alkolis ak Abi Sibstans nan Sena yo (Senate Committee on Alcoholism and Drug Abuse), te deklare, “Lè nou ogmante aksè a remèd efikas sa pou ovèdoz dwòg yo, nou ap franchi yon lòt pa annavan nan konbat epidemi ewoyin ak opyoyid lan. Mwen felisite Gouvènè a poutèt li retire baryè yo pou ede etabli yon New York ki pi djanm, ki pi an sante pou jenerasyon yo”.

Linda B. Rosenthal, Prezidan Komite sou Alkolis ak Abi Sibstans nan Asanble a (Assembly Committee on Alcoholism and Drug Abuse), te deklare, “Kominote New York yo frape fò pa epidemi ewoyin ak opyoyid lan, epi nou dwe ranvèse balans lan apati prevansyon plis lanmò pa ovèdoz. Plan Gouvènè Cuomo pou elaji aksè a naloksòn ki ap sove lavi atravè yon nouvo sistèm ko-peman gratis oswa ki pa chè sa pral ede sila yo ki ap lite ak maladi sa. Lè nou ogmante aksè a Naloksòn epi redwi depans ki an rapò ak medikaman ki ap sove lavi sa, Nouyòkè yo ki nan chak kwen nan eta a pral pi byen ekipe pou sove lavi epi ede moun yo resevwa tretman ke yo bezwen. Mwen enpasyan travay de prè ak Administrasyon an pou kontinye elaji aksè a opsyon prevansyon ovèdoz ak pi gwo tretman yo”.

Kemp Hannon, Prezidan Komite Sante Sena (Senate Health Committee), te deklare, “Sante ak byennèt abitan yo se pi gwo priorite nou. Mwen enpasyan travay ansanm ak Gouvènè a pou pote tretman sa bay fanm ak gason nou yo ki pi vilnerab yo, pou ke kominote yo kapab pral gen pouvwa pou sove lavi plizyè milye moun”.

Doktè Sharon Stancliff, ki se Direktris Medikal Kowalisyon Rediksyon Domaj (Harm Reduction Coalition), te deklare, “Pwogram sa pral ogmante drastikman aksè a naloksòn pou moun ke nou pa’t atenn fasilman yo. Sa yo enkli pasyan ke y’ap trete pou pèn yo, moun nou renmen yo ki ap retabli de yon tretman pou dwòg oswa enkaserasyon, ak moun ki an danje nan zòn riral yo. Sa se yon kriz epi pwogram asistans ko-peman New York lan ajoute sou solisyon an”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418